




GONAÏVES DEBOUT

1 Ave des Dattes (Destours Laborde), Gonaïves, Haïti HT 4110 (Hôtel Family-Pradis)

Tél : +509 3212 4151 / 3636 4848

Courriel: gonaivesdebout60@gmail.com www.gonayivdebouht.org



NOT POU LAPRÈS

Komite Gonayiv DEBOU a leve vwa li byen fò kont sistèm politik nan sektè sante nan HPG a

Komite Gonayiv DEBOU aprann ak anpil sezisman ranplasman direktè egzekitif lopital lapwovidans Gonayiv la Doktè Excène JOSEPH kote bilan pozitif li yo e devwoman li yo pou chanje vizaj lopital se tout sektè nan sosyete a ki apresye l e lwoye l.

Ranplasman sa a konfime tout bon vre se politik nan sektè sante a e kontwol li genyen ak yon ti gwoup politisyen ki vle pran kontwol lopital la pou règle zafè eleksyon anba kondisyon pou ramase lajan.

Fas ak koripsyon politik egsè sa a kap anpwazone moral piblik la, komite Gonayiv DEBOU a deside aprè aksyon ki fè wont sa a jije sisprann tout apwi ke te founi pou chanje HPG pou li te kapab vini yonn nan pi bon estriti sanitè inivèsité nan rejyon an nan zafè swen sante kalite pou popilasyon an.

Komite Gonayiv DEBOU ap mande ak enstans ki konsène nan Leta a pou ouvri yon ankèt pou ratibwaze zafè politik sa a kap ravaje direksyon depatmantal sante a e pou mete sou pye prese prese yon komite siveyans reprezantatif kap soti nan sosyete sivil la kap chaje pou veye bòn mach tout sistèm sante nan depatman an.

Gonayiv 10 oktob 2025

Pou otantifikasyon



Ravel **NORGASSE**, Ing.
Coordonnateur



Emmanuel **ALEXANDRE**, Past.
Vice-coordonnateur



Pierre-Robert **AUGUSTE**
Secrétaire Général

Jacky **JEAN-NOËL**, Ing.
Trésorier



Marc-Antoine **SAINT-VIL**, av
Conseiller



Archille **JEAN-LOUIS**, Ing.
Conseiller

Farius **CINÉUS**
Conseiller



Me **Géralda Faustin FÉNÉLUS**
Conseillère

Pou otantifikasyon



Ravel **NORGASSE**, Ing.
Coordonnateur

